

# **BAB I**

## **BUBUKA**

### **1.1 Kasang Tukang Masalah**

Nulis mangrupa salasihiji kaparigelan basa salian ti maca, nyarita, jeung ngaregepkeun anu raket patalina tur silih lengkepan. Éta opat kaparigelan téh enas-enasna mangrupa hiji beungkeutan anu gembleng, mangrupa komponén tina kaparigelan makéna basa.

Nulis atawa ngarang mangrupa kamampuh ngagunakeun basa dina wangun tinulis, pikeun nepikeun gagasan, eusi pikiran, kahayang, kereteg haté atawa informasi. Nepikeun gagasan atawa informasi dina wangun tinulis kudu dipigawé kalawan daria tur ati-ati, sarta dipigawé dina waktu anu rinéh sangkan bisa mikir pikeun nyusun jadi kalimah. Tina kalimah jadi paragraf, paragraf jadi wacana nepi ka ngajanggélék jadi wangun karangan anu mibanda ajén jeung tujuan.

Kiwari masih kénéh loba siswa anu kurang kamampuhna dina kaparigelan nulis, utamana dina nulis karangan nonfiksi, upamana waé dina nulis laporan. Laporan nya éta hiji wangun tinulis anu eusina ngeunaan hiji kajadian sarta pasualan anu aya patalina jeung éta kajadian. Éta laporan téh ditulis kalawan rinci dumasar kana hasil pangalaman, analisis atawa panalungtikan nu nulisna.

Kurangna kamampuh nulis laporan siswa bisa katitén dina hasil anu nyampak, di antarana teu digunakeunana téhnik-téhnik nulis laporan anu bener, struktur panulisan anu teu bener sarta kecap-kecap nu digunakeunana kurang merenah. Kurangna kamampuh nulis laporan bisa disababkeun ku sababaraha hal,

di antarana kurangna kandaga kecap anu dipikaweruh ku siswa, kurangna pangaweruh siswa ngeunaan nulis lantaran henteu dibiasakeun nepikeun gagasan dina wangun tinulis. Salian ti éta, bisa ogé disababkeun ku kurangna kaparigelan guru dina pangajaran nulisna.

Dumasar kana kanyataan di luhur, pikeun ngaronjatkeun kaparigelan nulis hiji karangan, diperlukeun ayana hiji prosés atawa tahapan anu tuluy tumuluy jeung kongkrit. Utamana dina pangajaran atawa nalika prosés diajar-ngajar di kelas, guru diperedih sangkan leuwih kréatif dina nepikeun matéri pangajaran, guru ogé dipiharep boga cara anu bisa ngarojong tur ngabantu siswa sarta ngirut siswa sangkan leuwih sumanget diajar tuluy paham kana matéri anu geus diajarkeun. Salasahijina nya éta ngagunakeun modél pangajaran.

Modél pangajaran nya éta pedoman pikeun guru jeung siswa dina ngalaksanakeun prosés diajar-ngajar. Modél pangajaran téh mangrupa hiji perencanaan pembelajaran anu digunakeun dina nangtukeun maksud jeung tujuan matéri pangajaran, nganalisis karakteristik siswa, ngalaksanakeun kagiatan diajar-ngajar, tuluy ngalaksanakeun évaluasi jeung révisi.

Loba modél pangajaran anu bisa digunakeun ku guru nalika prosés diajar-ngajar. Éta modél-modél pangajaran téh bisa disaluyukeun jeung matéri pangajaran anu rék ditepikeunana, kitu ogé dina pangajaran nulis laporan.

Dumasar kana pedaran di luhur, perlu ditalungtik ngeunaan kamampuh kaparigelan nulis ngagunakeun modél pangajaran. Éta hal anu jadi puseur dina ieu panalungtikan.

Dina ieu panalungtikan, modél pangajaran anu digunakeun nya éta modél *examples non examples*. Modél *examples non examples* mangrupa modél pangajaran anu museur kana daya imajinasi siswa dina nyusun kalimah. Ieu modél pangajaran téh biasana digunakeun dina pangajaran nulis, bisa dijadikeun alat pikeun ngajarkeun nulis karangan ka siswa SMP.

Ieu panalungtikan lain panalungtikan anu munggaran, saméméhna aya sababaraha panalungtikan anu nalungtik kaéféktifan modél *examples non examples* pikeun kamampuh kaparigelan nulis, boh dina nulis karangan fiksi boh dina nulis karangan nonfiksi. Upamana panalungtikan anu dilakukeun ku Nurlaela (2010) anu judulna “Modél Pangajaran *Examples non examples* dina Nulis Karangan Eksposisi”. Salian ti éta, aya ogé panalungtikan anu dilakukeun ku Malacrensis (2010) anu judulna “Penerapan Modél *Examples non examples* dalam Pembelajaran Menulis Teks Berita (Kuasi Eksperimen pada Siswa Kelas VIII SMPN 5 Kota Sukabumi Tahun Ajaran 2010/2011)”. Hasil tina dua panalungtikan anu disebutkeun di luhur nya éta modél *examples non examples* kabukti éféktif pikeun pangajaran nulis.

Hal-hal anu geus diébréhkeun di luhur jadi pangrojong pikeun diayakeun panalungtikan sarta pikeun ngabuktikeun kaéféktifan modél *examples non examples* dina pangajaran basa Sunda, hususna pangajaran nulis laporan. Ku kituna, ieu panalungtikan dibéré judul “Kaéféktifan Modél *Examples Non Examples* dina Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Laporan (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII C SMPN 1 Cariu Kabupatén Bogor Taun Ajaran 2011/2012)”.

## 1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

### 1.2.1 Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang masalah di luhur, ieu panalungtikan diwatesanan ngeunaan pangajaran nulis laporan ngagunakeun modél pangajaran *examples non examples* ka siswa kelas VIII C SMPN 1 Cariu Kab. Bogor Taun Ajaran 2011/2012.

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun ku sababaraha pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha pelaksanaan kagiatan diajar-ngajar nulis laporan siswa kelas VIII C SMPN 1 Cariu Kab. Bogor Taun Ajaran 2011/2012 ngagunakeun modél *examples non examples*?
- 2) Kumaha kamampuh nulis laporan siswa kelas VIII C SMPN 1 Cariu Kab. Bogor Taun Ajaran 2011/2012 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *examples non examples*?
- 3) Naha éféktif modél *examples non examples* dina ngaronjatkeun kamampuh nulis laporan siswa kelas VIII C SMPN 1 Cariu Kab. Bogor Taun Ajaran 2011/2012?
- 4) Kumaha réspon siswa kelas VIII C SMPN 1 Cariu Kab. Bogor Taun Ajaran 2011/2012 kana modél *examples non examples* dina pangajaran nulis laporan?

### 1.3 Tujuan Panalungtikan

#### 1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nya éta hayang ngadéskrripsikeun kaéfektifan modél *examples non examples* dina ngaronjatkeun kamampuh nulis laporan siswa kelas VIII C SMPN 1 Cariu Kabupatén Bogor.

#### 1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskrripsikeun:

- 1) pelaksanaan kagiatan diajar-ngajar nulis laporan siswa kelas VIII C SMPN 1 Cariu Kab. Bogor Taun Ajaran 2011/2012 ngagunakeun modél *examples non examples*;
- 2) kamampuh nulis laporan siswa kelas VIII C SMPN 1 Cariu Kab. Bogor Taun Ajaran 2011/2012 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *examples non examples*;
- 3) kaéfektifan modél *examples non examples* dina ngaronjatkeun kamampuh nulis laporan siswa kelas VIII C SMPN 1 Cariu Kab. Bogor Taun Ajaran 2011/2012; jeung
- 4) réspon siswa kelas VIII C SMPN 1 Cariu Kab. Bogor Taun Ajaran 2011/2012 kana modél *examples non examples* dina pangajaran nulis laporan.

## **1.4 Manfaat Panalungtikan**

### **1.4.1 Manfaat Tioritis**

Manfaat teoritis anu nyampak dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngeuyeuban paélmaan anu aya patalina jeung pangajaran nulis laporan basa Sunda di SMP. Salian ti éta, meunangkeun alternatif modél pangajaran anu bisa diterapkeun dina pangajaran nulis laporan di SMP.

### **1.4.2 Manfaat Praktis**

Manfaat praktis anu nyampak dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) pikeun siswa, bisa ngalatih siswa sangkan leuwih aktif jeung kreatif dina prosés pangajaran sarta bisa nambahan élmu pangaweruh jeung kaparigelan siswa dina nulis laporan;
- 2) pikeun guru, mangpaatna bisa méré pangaweruh nu leuwih lega ngeunaan modél pangajaran, dipiharep guru henteu ngan saukur nerapkeun ieu modél dina pangajaran nulis laporan wungkul tapi bisa diaplikasikeun dina pangajaran séjénna;
- 3) pikeun sakola, bisa dijadikeun modél pangajaran tambahan di sakola; jeung
- 4) pikeun panalungtik, bisa nambahan pangaweruh ngeunaan modél anu cocog dina ngaronjatkeun kamampuh nulis laporan di SMP.

## **1.5 Raraga Nulis**

Ieu laporan panalungtikan téh disusun jadi lima bab. Bab I mangrupa bab anu munggaran dina ieu panalungtikan. Dina ieu bab dipedar ngeunaan kasang

tulang panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah panalungtikan, tujuan diayakeunana panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung sistematika penulisan.

Bab II mangrupa bab anu eusina medar ngeunaan tiori-tiori anu aya dina panalungtikan. Dina ieu bab dipedar leuwih jero ngeunaan nulis laporan jeung modél pangajaran *examples non examples*, sarta dipedar ogé léngkah-léngkah dina nulis laporan ngagunakeun modél pangajaran *examples non examples*. Salian ti éta, dina ieu bab aya anu disebut asumsi jeung hipotésis anu miboga tujuan pikeun méré anggapan awal kana hasil panalungtikan.

Bab III mangrupa bab anu eusina medar ngeunaan métodologi panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan. Eusina ngawengku léngkah-léngkah panalungtikan, prak-prakanana panalungtikan jeung carana ngolah data anu dimeunangkeun tina hasil panalungtikan. Salian ti éta, bab tilu jadi dasar pikeun nyusun bab IV lantaran antara bab III jeung bab IV miboga pakuat-pakait anu tinangtu.

Bab IV mangrupa bab anu ngadéskripsikeun hasil panalungtikan anu dilakukeun. Eusina mangrupa sagemblengna tina hasil panalungtikan anu dilakukeun, anu ngawengku prak-prakan panalungtikan, kamampuh awal jeung ahir siswa dina nulis laporan, sarta réspon siswa kana modél pangajaran *examples non examples*.

Bab V mangrupa kacindekan ti sakabéh pedaran hasil panalungtikan. Salian ti éta, aya saran anu ditepikeun patali jeung hasil panalungtikan.